



Haitian Creole Edition
Grade 6 Mathematics Test, Book 2
March 9–13, 2009

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **6**

9–13 mas 2009

Non _____



Developed and published under contract with the New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2009 by the New York State Education Department. Permission is hereby granted for school administrators and educators to reproduce these materials, located online at <http://www.emsc.nysed.gov/osa>, in the quantities necessary for their school's use, but not for sale, provided copyright notices are retained as they appear in these publications. This permission does not apply to distribution of these materials, electronically or by other means, other than for school use.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

26

Madàm Elma ekri ekspresyon ki anba a.

$$3 \times 3 \times 3 \times 3 \times 3 \times 3$$

Li mande elèv nan klas sizyèm ane l yo pou yo re-ekri ekspresyon an sou fòm eksponansyèl. Marjorie ekri ekspresyon ki pi ba a.

$$6^3$$


Sou liy ki anba yo, eksplike pouki repons Marjorie a pa kòrèk.

Asire w ke w re-ekri kòrèkteman ekspresyon Madàm Elma a sou fòm eksponansyèl.

Kontinye

27

Pwen N, pwen R, ak pwen P yo sou sèk ki anba a. Pwen M se sant sèk la. Konekte twa pwen pou fòm yon ang santral.



Sou liy ki anba yo, eksplike kouman w te detèmine twa pwen yo ki fòm yon ang santral.

28 Jenny keyi 25 flè. Li bay 10 nan flè yo. Ki pousantaj nan flè yo Jenny te bay?

Montre travay ou.

Repons _____ %

29 Ki valè ekspresyon $6m + 3^3$ lè m egal 7?

Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

30

Cruz te kolekte kèk mab. Koulè mab yo make pi ba a.

- 8 mab wouj
- 2 mab ble
- 7 mab jòn
- 3 mab vèt

Cruz melanje tout mab yo nan yon sak lèfini li vire sak la tèt-anba defason pou yon mab sèlman sot tonbe youn apre lòt. Ki pwobabilite ke **premye** mab kap sot tonbe a pral yon mab ble?

Repons _____


Ki pwobabilite ke **premye** mab kap sot tonbe a pral wouj, jòn oswa vèt?

Montre travay ou.

Repons _____

31

Yon konpayi kago itilize gwo kès pou l ekspedye kèk bagay. Yo montre yon chema youn nan kès yo anba a.



[pa trase selon echèl la]

$$V = lwh$$

Volim kès la se 72 pye kib. Ki wotè kès la, an pye?

Montre travay ou.

Repons _____ pye

Kontinye

32

Komplete ekwasyon ki pi ba a pou demontre pwopriyete komitatif adisyon an.

$$2 + 3 = \underline{\hspace{2cm}} + \underline{\hspace{2cm}}$$

Sou liy ki anba yo, eksplike kouman ekwasyon konplè a demontre pwopriyete komitatif adisyon an.

Re-ekri ekspresyon ki pi ba a pou demontre pwopriyete asosiyatif miltiplikasyon an.

$$2 \times (3 \times 5)$$

Repons _____

33

Mesye Roberts pral fè acha. Li gen yon bidjè de \$150,00. Li pral achte **swa** yon tablo **oswa** yon lanp.

Si li depanse 80% nan lajan l genyen an nan yon tablo, konbyen kòb Mesye Roberts pral depanse?

Montre travay ou.

Repons \$ _____


Si li depanse 50% nan lajan l genyen an nan yon lanp, olye pou l achte yon tablo, konbyen kòb Mesye Roberts pral depanse?

Repons \$ _____

Kontinye

34

Rudy ap konstwi yon mi bò kote jaden li. Li make wotè mi a nan fen chak jou pandan yon peryòd 11 jou. Done l la parèt sou graf lineyè ki anba a.



Dapre done ki sou graf la, ki wotè mi a te ye nan fen Jounen 4?

Repons _____ pye

Dapre done ki sou graf la, di divans wotè mi an nan fen Jounen 12.

Previzyon _____ pye

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te detèmine prediksyon w lan.

Kontinye

35

Donnie ap mete otograf li sou ekipman bezbòl.

Li gen 320 kat bezbòl pou siyen antotal. Jiskaprezan, li gentan siyen 14 kat. Ou ka itilize ekwasyon ki pi ba a pou detèmine kantite kat bezbòl, c , Donnie rete pou l siyen.

$$14 + c = 320$$

Ki kantite kat bezbòl Donnie rete pou l siyen?

Montre travay ou.

Repons _____ kat bezbòl

Li siyen tou 300 bezbòl, ki konsève nan 15 bwat. Donnie itilize ekwasyon ki pi ba a pou l detèmine kantite bezbòl, b , ki nan chak bwat.

$$15b = 300$$

Konbyen bezbòl ki genyen nan chak bwat?

Repons _____ bezbòl

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 6
Egzamen Matematik
Liv 2
9–13 mas 2009

Grade 6
Mathematics Test
Book 2
March 9–13, 2009